УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2021-2-49-28-41

# АДЫГЭБЗЭ ЛЭЖЬЫГЪЭЦIЭМ И ЩХЬЭБАГЪЫМРЭ И ГРАММАТИКЭ КАТЕГОРЭ НЭХЪЫЩХЬЭХЭМРЭ ЯДЭПЛЪАГЪУ ЩХЬЭХУЭНЫГЪЭХЭМ ЯТЕУХУАУЭ

**БищIо Борис Чэмал и къуэ**, orcid.org/0000-0001-8193-7126, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал (Налшык, Урысей), bizhoev1952@mail.ru

Мы статьям и къалэнщ адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм и зэхэлъыкIэм и гугъуагъымрэ апхуэдэу зэрыщытым абы и грамматикэ категорэ нэхъыщхьэхэм яхилъхьэ щхьэхуэныгъэхэмрэ нэрылъагъу къищIыныр. Темэ мыбы къыщыIэтамкIэ щыIэ хъуа лэжьыгъэ куэдыр ди тегъэщIапIэу дэ нэхъ гулъытэ худощI ди нобэм къэс зи гугъу ямыщIа е еплъыкIэ зэмыщхь зиIэ Iуэхугъуэхэм. Псом япэу мыпхуэдэ лэжьыгъэ дыхуей щIэхъуар мы зэманым дызэлэжь академическэ грамматикэщIэм папщIэщ – ар къыдэкIын хуейщ зэIумыбзыгъэ хэмылъу е, нэгъуэщI мыхъуми, апхуэдэу япэрейхэм яхэлъахэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ гъэмэщIауэ. Абы нэхърэ и мыхьэнэр зыкIи мынэхъ мащIэу нэгъуэщI зы проблеми щыIэщ – ар бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр (терминхэр) адыгэбзэкIэ зэгъэпэщынырщ, апхуэдэ щIыкIэкIи адыгэбзэм и щIэныгъэ стилыр егъэфIэкIуэныр щ.

Статьяр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщи, япэрейр топсэлъыхь адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм и полисинтетизмэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ щхьэбагъэм, адэкIэ щхьэхуэ-щхьэхуэу щызэпкърыхащ абы и категорэхэр: лъэIэсыгъэ-лъэмыIэсыгъэр, ахэр зыр адрейм зэрыхуэкIуэ Iэмалхэмрэ нейтрал лэжьыгъэцIэ гупым я щытыкIэмрэ къызэщIиубыдэу, хъеигъэ-мыхъеигъэр, уха-мыуха гъэпсыкIэхэр, щхьэхъуэжыр. Иужьрейм деж къыщыгъэлъэгъуащ зи псалъэхъуэж парадигмэр ныкъуэ лэжьыгъэцIэ лIэужьыгъуэхэр, язынысъуэ гъэпсыкIэхэм къагъэхъу омонимиер.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, лэжьыгъэцIэ, щхьэбагъэ, хъей, мыхъей, уха, мыуха, омонимие.

Адыгэбзэм пасэ зэманхэм къыщежьа нэщэнэу иIэщ и лэжьыгъэцIэ системэр и зэхэлъыкIэкIэ егъэлеяуэ гугъуу икIи синтез лъагэ иIэу зэрыщытыр [Кумахов 1989: 122].

ЛэжьыгъэцIэ псалъэгъэпсыкIэр зы морфемэу щытынкIэ хъунущ: адыгэзэдаибзэ *ды-* (*дын*), *хы-* (*къэхын*), *зы-* (*зын*). Зы морфемэ фIэкIа мыхъу мыпхуэдэ псалъэпкъхэр къапыувэхэм елъытауэ иджыреибзэм хэтщ «макъдэкIуашэ + макъзешэ», «макъдэкIуашэ + макъзешэ + макъдэкIуашэ» щытыкIэхэм ярыту: *ды!* (*ды*-м къытокI), *со-д*. Апхуэдэхэм деж адыгэзэдаибзэм и хабзэм къытенар кIахэбзэрщ (адыгеибзэрщ): *сэ-ды* [Кумахов 1989: 122]. Ауэ лэжьыгъэцIэ псалъэгъэпсыкIэм и лъащIэр икъукIэ куущ.

ЛэжьыгъэцIэм и синтезым и кууагъыр уегъэлъагъу ди бзэм и мыпхуэдэ щапхъэм:

*шэ*
*е-шэ-ж*

*з-гъэ-шэ-жы-ф*
*е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-т*
*д-е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-т*
*къы-д-е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-тэ-къым*
[Кабардино-черкесский язык 2006: 154].

Мы «щимэм» *шэ* лъабжьэ морфемэм и еханэ псалъэгъэпсыкIэр щыгъэгугъуащ лъабжьэгъусэ элементипщIкIэ – лъабжьэпитхурэ лъабжьэужьитхукIэ. Ауэ щыIэхэщ зи псалъэ парадигмэхэр морфемэхэмкIэ нэхъыбэжу гъэкIыхьахэр. Иужьрей псалъэгъэпсыкIэм иджыри лъабжьэгъусэ морфемэ зыбжанэкIэ зебгъэубгъуфынущ: *у-а-къы-ды-д-е-з-гъэ-шы-жы-ф-а-тэ-къым-и.* Зы псалъэм къызэщIиубыдэ мы парадигмэр мыхьэнэ зиIэ Iыхьэ пщыкIутхуу зэхэтщ (лъабжьэпэу и + лъабжьэ морфемэ + лъабжьэужьу хы): *у* – етIуанэ щхьэм и закъуэ бжыгъэм ит объект занщIэ, *а* – ещанэ щхьэм и куэд бжыгъэм ит объект мыблагъэ, *къы-* – лъэныкъуэ лъабжьэпэ, *ды-* – зэпыщIэныгъэ лъабжьэпэ, *д-* – щIыпIэ лъабжьэпэ, *е-* – ещанэ щхьэм и закъуэ бжыгъэм ит объектым и лъабжьэпэ, *з-* – япэ щхьэм и закъуэ бжыгъэм ит субъктым и лъабжьэпэ, *гъэ-* – хуэгъэуш лъабжьэпэ, *шы* – *шэ-н* лэжьыгъэцIэм и морфемэ, -*жы* – зыгъэзэж лъабжьэужь, -*ф* – хузэфIэкIыныгъэ лъабжьэужь, -*а* – блэкIа зэман лъабжьэужь, -*тэ* – зэман лъабжьэужь («абы щыгъуэ» мыхьэнэ иIэщ), -*къым* – мыхъуныгъэ лъабжьэужь, -*и* – тешэ мыхьэнэ зиIэ лъабжьэужь. ЛэжьыгъэцIэм и синтез лъагэр къыхокI щхьэ, бжыгъэ, зэман, тешэ категорэхэм къадэкIуэу мыхъуныгъэри, арэзыгъэри, упщIэри, хуэгъэушыныгъэри, зэщIыгъуныгъэри, щIыпIэри, лъэныкъуэри, нэгъуэщIхэри морфологие илъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум.

ЛэжьыгъэцIэм и зэхэлъыкIэр, абы и псалъэщI, псалъэзыхъуэж категорэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр, зи бжыгъэкIэ куэд хъу псалъэпкъыщI элементхэр зэрызэлъытамрэ зэрызэкIумрэ, щхьэ лъабжьэгъусэхэм псалъэпкъ лIэужьыгъуэ зэмыщхьхэм я хэувэкIэр, ахэр адрей категорэ гъэпсыкIэхэм, абыхэм лэжьыгъэцIэр лъэIэс-лъэмыIэсри яхэту, зэрелъытар, нэгъуэщIхэри адыгэ псори зы бзэу щыщыта лъэхъэнэм къыщожьэ. Абы ищIыIужкIэ зи мыхьэнэкIэ нэхъыщхьэ элементхэр (щхьэ, хуэгъэуш, мыхъуныгъэ, апхуэдэуи псалъэщI, псалъэзыхъуэж гъэпсыкIэхэр къызэзыгъэпэщ нэгъуэщI формантхэри) къухьэпIэ кавказыбзэхэр (абхъаз-адыгэ бзэ гупыр) зыуэ щыщыта зэманым хуокIуэж.

КъыхэгъэщыпхъэщI адыгэ лэжьыгъэцIэр адрей къухьэпIэ-кавказыбзэхэм я лэжьыгъэцIэм Iыхьлы хуэзыщI я зэхуэдэ нэщэнэхэр а лъэхъэнэ дыдэм къыщежьэ зэхэлъыкIэ-типологие зэщхьыныгъэхэм къагуэхыпIэ ямыIэу зэрапыщIар. Зэрытлъагъунущи, къухьэпIэ-кавказыбзэхэр зыбзэу щыщыта зэман жыжьэм хуэкIуэж зэхэлъыкIэ иерархие щхьэхуэныгъэхэр иджырей бзэ гупым щыщ дэтхэнэми хъарзынэу къыщызэтенащ – ар и щыхьэтщ лэжьыгъэцIэм и генетикэ, типологие нэщэнэхэр быдэу зэрызэпыщIам. Абы илъэныкъуэкIэ лэжьыгъэцIэр адрей псалъэ классхэм къащхьэщокI, иджырей абхъаз-адыгэбзэхэр зэкъуэзыгъэувэ зэхэлъыкIэ-типологие икIи генетикэ (зэIыхьлыгъэ) нэщэнэ зыкъом пасэреибзэм ейуэ зэрихъумамкIэ. КъухьэпIэ-кавказ щытыкIэм и зэхэлъыкIэ-типологие нэщэнэу лэжьыгъэцIэм хэтхэм я куэдагъукIэ абы къыпэхъун адрей псалъэ лъэпкъыгъуэхэм яхэткъым. Ар псом япэу зэхьэлIар псалъэщI икIи псалъэзыхъуэж морфхэр, абыхэм субъект-объект къэзыгъэлъагъуэхэри яхэту, зэрытегуэшарщ.

КъухьэпIэ-кавказ бзэ гупым и гупкъуэжитIыр (адыгэхэмрэ абазэ-абхъазхэмрэ) апхуэдизкIэ зэщхьэщыкIащи, иджыри къэс абыхэм я макъхэр зэрызэхуэкIуэр икIэм нэсу яхузэхуакъым, ауэ апхуэдэу щыт пэтми зэхэлъыкIэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэр а бзэхэм щызэтохуэ. ЛэжьыгъэцIэхэр зэрызэхэт морфемэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр абхъаз-адыгэбзэхэм апхуэдизкIэ щызэщхьщи, адыгэбзэ псалъэпкъым хэт мыхьэнэ зиIэ элементхэр зэрызэкIэлъыхьам ущыгъуазэмэ, абхъаз-абазэбзэхэм я лэжьыгъэцIэ морфемэ куэду зэхэтым и моделыр пхуэухуэнущ. Къапщтэмэ, лъабжьэ морфемэу (**ЛЪ**), хуэгъэуш (**ХУ**), щIыпIэ (**ЩI**), зэщIыгъуныгъэ (**З**) морфемэхэу

зэхэт псалъэпкъ лIэужьыгъуэм бзэ гуп псом мыпхуэдэ зэкIэлъыкIуэкIэ мыхьэнэ зиIэ Iыхьэхэм щаIэнущ: З-ЩI-ХУ-ЛЪ [Кумахов 1989: 124].

Субъект-объект, деривацэ лъабжьэпэ икIи лъабжьэ морфемэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэ модель нэхъыщхьэхэр апхуэдэу зэтехуэу, дауикI, бзэ къэс щхьэхуэ-щхьэхуэу щызэтеувакъым, ар бзэ гупыр зыуэ щызэкъуэта лъэхъэнэм къэхъуащ.

## 1. ЛъэIэс, лъэмыIэс лэжьыгъэцIэхэр

ЛэжьыгъэцIэм и псалъэщI икIи псалъэзыхъуэж гъэпсыкIэхэм я системэ куэду зэхэлъым увыпIэ курыхыр щеубыд лэжьыгъэцIэхэр лъэIэс-лъэмыIэсу зэрыгуэшам. Iуэхур зытетыращи, лъэIэс нэщэнэр яхэлъщ лэжьыгъэцIэ псалъэ псоми, абыхэм я гъэпсыкIэхэми.

ЛъэIэс-лъэмыIэс категорэ (инвариант) мыхьэнэр синтагматикэм хуэпхь хъунущ, цIэм и псалъэзешэ гъэпсыкIэ пыухыкIам ит субъектрэ объектрэ щыIэнымрэ ахэр лэжьыгъэцIэм зэрыхэувэмрэ зэрелъытам къыхэкIыу [Джаурджий 1995: 178]. ЛэжьыгъэцIэ лъэIэсым къегъэув зыхъуэж псалъэзешэм ит субъектрэ цIэиIуэ псалъэзешэм ит объектрэ иIэн хуейуэ: *Дыгъэм щIыр егъэхуабэ.* Мыбдеж *дыгъэ*-м субъектыр зыхъуэж псалъэзешэ гъэпсыкIэщ, *щIыр* объектыр – цIэиIуэ псалъэзешэ гъэпсыкIэм итщ. ЛэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым и субъектыр цIэиIуэ псалъэзешэщ, объектыр – зыхъуэжщ: *ЩIалэр тхылъым йоджэ. ЩIалэ*-р субъектщ, цIэиIуэ псалъэзешэм итщ, *тхылъым* – объектщ, зыхъуэж псалъэзешэ гъэпсыкIэщ. ЛъэмыIэсхэр (нэхъыбэрэ), лъэIэсхэр (нэхъ мащIэрэ) объектыншэу щытынкIэ хъунущ: *ЩIалэр йоджэр; ЩIалэм къекIухь.*

ЛэжьыгъэцIэ лъэIэс зыхэт конструкцэм (зэхэлъыкIэм) эргативкIэ йоджэ, лъэмыIэс зыхэтым – номинативкIэ.

Конструкцэ къэхьахэм цIэм (субъектымрэ объектымрэ) и псалъэзешэ гъэпсыкIэр лэжьыгъэцIэм елъытащ, ауэ езы цIэ гъэпсыкIэри холэжьыхь лэжьыгъэцIэр (псом хуэмыдэу объектыншэр) лъэIэсу е лъэмыIэсу щытыным, ар и щыхьэтщ цIэмрэ лэжьыгъэцIэмрэ аналитикэ зэхущытыкIэ зэрызэхуаIэм.

Нэхъ мащIэу лъэIэсыгъэ-лъэмыIэсыгъэм еубзыху субъектымрэ объектымрэ я лъабжьэгъусэхэр лэжьыгъэцIэ псалъэгъэпсыкIэм зэрыщызэкIэлъыкIуэр. Къапщтэмэ, лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм субъектым и лъабжьэгъусэр объектым ейм япэ щоувэ: *уы-з-олъагъу* (*уы-* – етIуанэ щхьэм и закъуэ бжыгъэм ит объектыр къегъэлъагъуэ, *з-* – япэ щхьэм и закъуэ бжыгъэм ит субъектым и лъабжьэгъусэщ). ЛэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр щытыкIэ хъунущ щхьитI, щхьищ, щхьиплI зиIэхэу. Щхьэ аффиксхэр (лъабжьэгъусэхэр) мыпхуэдэу зэкIэлъокIуэ: щхьитI зиIэхэр ищхьэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ, щхьищ зиIэхэм деж япэ увыпIэм итщ объект занщIэм и лъабжьэпэр, етIуанэу – объект мыблагъэм и лъабжьэпэр, ещанэ увыпIэм – субъектыр: *сы-къы п-ху-ишащ.* ЩхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым зыгъэзэж гъэпсыкIэ игъуэтмэ, зы щхьэ зиIэ мэхъу, ауэ лъэIэсу къонэ; еплъ: *абы ар итхьэщIащ – абы зитхьэщIащ; абы ар игъэпскIащ – абы зигъэпскIащ.*

ЛэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр щхьэзакъуэуи, щхьэбэуи щыIэхэщ: *Шыр мажэ* (щхьэзакъуэщ); *ЩIалэр хъыджэбзым йожьэ* (щхьитI зиIэщ), н.къ.

ЛэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм нэгъуэщI зы синтаксис конструкци къагъэщI – ар инверсие ухуэкIэщ. Мыбы ипэжыпIэкIэ субъектыр объект мыблагъэу, ипэжыпIэкIэ объектыр грамматикэ субъекту хэтхэщ: *Сымаджэм мыIэрысэр хуошх; Студентым тхылъыр иIэщ.* Псалъэуха къэхьахэм ипэжыпIэкIэ субъектым (*сымаджэм*, *студентым*) объект мыблагъэм и къалэн щегъэзащIэ, ипэжыпIэкIэ объектыр (*тхылъыр*, *мыIэрысэр*) щыграмматикэ субъектщ. Инверсиер аращ зищIысыр [Грамматика 1970: 117].

ЛэжьыгъэцIэм и субъект-объект гъэпсыкIэхэр синкретизмэм и нэщэнэщ, ауэ, абыхэм синтаксис конструкцэхэм яхэт цIэхэр къызэрагъэлъагъуэм къыхэкIыу, икIи апхуэдэу аналитикэ нэщэнэри яхэлъщ.

### 1.1. ЛэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр лъэIэс, лъэIэсхэр лъэмыIэс хъуныр

ЛэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр щытынкIэ хъунущ япэрейхэу (къызэрыкIуэхэу) икIи етIуанэрейхэу (къытекIахэу). Япэрейхэм хохьэ *хьын, дзын,* нэгъуэщIхэри, етIуанэрейхэм – *кIуэн → кIуын, гъэкIуэн; тхэн → тхын, гъэтхэн*, н.къ.

ЕтIуанэрей лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ къохъу:

1. Хуэгъэуш лъабжьэпэ *гъэ*-м лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр (хъейхэри мыхъейхэри) лъэIэсым хуегъакIуэ: *псэлъэн – гъэпсэлъэн; щытын – щыгъэтын,* н.къ. [Урыс 2001: 152; Джаурджий 1995: 180].

2. ЛъэмыIэсхэр лъэмыIэс жыджэру ещI *къэ-* превербым: *лъыхъуэн – ар мэлъыхъуэ, ауэ къэлъыхъуэн – абы сыкъелъыхъуэ.*

3. ЛъэмыIэсхэр лъэIэсым *къэ-* превербым щыхуигъакIуэм деж лэжьыгъэцIэхэм *э:ы* макъзешэ зэблэхъу къыщохъу, зэгъапщэ: *гупсысэн – мэгупсысэ,* ауэ *къэгупс**ы**сын – къегупс**ы**с; лъэжьэн – мэлажьэ, къэлэжь**ы**н – къелэжь**ы**р, дыгъуэн – мэдыгъуэ, къэдыгъу(**ы**)н – къедыгъу(**ы**)р.*

4. *Къэ-* превербымрэ *-хьы* лъабжьэужьымрэ *э:ы* макъзэблэхъур къахэту лъэмыIэсхэр лъэIэс ящIыфыр: *жэн – мажэ, къэж**ы**хьын – къеж**ы**хь; джэдэн – мэджадэ, къэджэд**ы**хьын – къеджэд**ы**хь.*

5. *Къэ-* преверб + *хьы* лъабжьэужь: *пщын – мэпщ – къопщ*, ауэ *къэпщыхьын; плъэн – къоплъэ*, ауэ *къеплъыхь*, н.

6. *-Хьы* преверб зыпыувэ, *э:ы* макъзэблэхъуи къыщыхъу лэжьыгъэцIэ закъуэтIакъуэ: *къэфэн – къэф**ы**хьын.*

7. ЛэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм лъэIэс къатокI *-ы* лъабжьэгъусэкIэ: *кIуэн – кIу**ы**н, тхэн – тх**ы**н, дэн – д**ы**н, къэпсэлъэн – къэпсэлъ**ы**н.*

ЛэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр гъэпсыкIэ пыухыкIахэм лъэмыIэс щохъу:

1) *хуэ-* лъабжьэпэкIэ къэхъу хузэфIэкIыныгъэ гъэпсыкIэм: *шхын – хуошх, сымаджэм мыIэрысэр ешх* (лъэIэсщ) – *сымаджэм мыIэрысэр хуошх;*

2) *IэщIэ-* превербкIэ къэхъу IэщIэщIэныгъэ гъэпсыкIэм: *ЩакIуэм дыгъужьыр къиукIащ* (лъэIэсщ) – *ЩакIуэм дыгъужьыр IэщIэукIащ* (лъэмыIэсщ);

3) *зэры-* лъабжьэпэ зыхэт язэхуэдыныгъэ гъэпсыкIэм: *Абы ар ешэ* (лъэIэсщ) – *Ахэр зэрошэ* (лъэмыIэсщ).

4) *фIэ-* лъабжьэпэ зыхэт зыхуэгъэза объект гъэпсыкIэм: *Абы ар ещIэ* (лъэIэсщ) – *Абы ар къыфIощI* (лъэмыIэсщ) [Грамматика 1970: 118].

### 1.2. Нейтрал (диффузнэ) лэжьыгъэцIэхэр

Бзэм хэтщ лъэIэсуи, лъэмыIэсуи щытыф лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ къызэрыкIуэхэу бжыгъэ пыухыкIа. Апхуэдэ лэжьыгъэцIэхэм я конструкцэр лабильнэщ (стабильнэкъым), нэгъуэщIу жыпIэмэ зым теубыдауэ щыткъым. Апхуэдэхэщ *вэн: мавэ* (лъэмыIэс), *евэ* (лъэIэс); *Iуэн: маIуэ* (лъэмыIэс), *еIуэ* (лъэIэс); *дэн: мадэ* (лъэмыIэс), *ед* (лъэIэс); *пщIэн: мапщIэ* (*лъэмыIэс*), *епщIэ* (лъэIэс) [Кабардино-черкесский язык 2006: 158].

Къызэрыхъуа, я зэхэлъыкIэ елъытауэ нейтрал лэжьыгъэцIэхэр зэхагъэщхьэхукI япэрейхэрэ етIуанэрейхэу. ИщхьэкIэ къыщыхьахэр япэрейхэщ. ЕтIуанэрейхэм хыхьэ лэжьыгъэцIэхэр къытекIахэрщ. Мыхэр езыхэри я къэхъукIэкIэ, зэхэлъыкIэкIэ зэмыфэгъухэщ. Я бжыгъэкIэ нэхъ куэд мэхъу цIэ псалъэпкъхэм *у-* лъабжьэпэкIэ къатехъукIа лэжьыгъэцIэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ: *дзагуэ* цIэм къытокI *мэудзэгу* (лъэмыIэс), *еудзэгу* (лъэIэс); *бэлацэ*: *мэубэлэц* (лъэмыIэс), *еубэлэц* (лъэIэс); *къабзэ: мэукъэбз* (лъэмыIэс), *еукъэбз* (лъэIэс); *щыкъуей: мэущыкъуей* (лъэмыIэс), *еущыкъуей* (лъэIэс); *къуаншэ: мэукъуэнш* (лъэмыIэс), *еукъуэнш* (лъэIэс); *папцIэ: мэупэпцI* (лъэмыIэс), *еупэпцI* (лъэIэс).

Я мыхьэнэкIэ нейтралщ лъабжьэпэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ язэхуэдэныгъэ гъэпсыкIэм итхэр: *зэгуэудын – зэгуоуд* (лъэмыIэс), *зэгуеуд* (лъэIэс); *зэфIэщIыкIын – зэфIощIыкI* (лъэмыIэс), *зэфIещIыкI* (лъэIэс); *зэкIуэцIытхъын – зэкIуэцIотхъ* (лъэмыIэс), *зэкIуэцIетхъ* (лъэIэс); *зэпычын – зэпоч* (лъэмыIэс), *зэпеч* (лъэIэс).

Нейтралу къонэж этимологие илъэныкъуэкIэ къытекIауэ щыт мыпхуэдэ лэжьыгъэцIэхэр: *лыцIын – мэлыцI* (лъэмыIэс), *елыцI* (лъэIэс); *лыгъуэн*: *мэлыгъуэ* (лъэмыIэс), *елыгъуэ* (лъэIэс); *хуэлэн – мэхуалэ* (лъэмыIэс), *ехуалэ* (лъэIэс).

КъытекIа псалъэпкъхэр (зэхэлъхэри, цIэм къытекIахэри) нейтралу зэрыщытыр щыхьэт тохъуэ лъэIэс-лъэмыIэскIэ псалъэпкъхэр зэпэщымытыныр абхъаз-адыгэ бзэ гупыр зы бзэу щыщыта лъэхъэнэм къызэрыщежьам имызакъуэу нэхъ иужькIи бзэхэм дэтхэнэми щхьэхуэ-щхьэхуэу ехьэжьауэ щекIуэкI къэхъугъэу зэрыщытым.

Адыгэбзэм щыдолъагъу нейтрал лэжьыгъэцIэхэр стабилизацэ гъуэгум зэрытетыр. А Iуэхугъуэр нэхъ щыщIэгъэхуэбжьащ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм (адыгеибзэм еплъытмэ). Мыбы зыщиубгъуащ нейтрал псалъэпкъхэр аблаут макъзэблэхъукIэ стабилизацэ хъуным. Псалъэм папщIэ: *хын – махэ* (лъэмыIэс), *ех* (лъэIэс); *гун – магуэ* (лъэмыIэс), *йэгу* (лъэIэс). Мыхэр стабильнэ зыщIыр лъэIэс, лъэмыIэс псалъэпкъхэм макъзэблэхъур зэмыщхьу зэрыщекIуэкIырщ, адыгеибзэм мыхэр зэрызэщхьэщыкIыфыр я парадигмэ къудеймкIэщ [Кумахов 1971: 208].

МымащIэу урохьэлIэ адыгей нейтрал псалъэпкъхэм е лъэIэс, е лъэмыIэс псалъэпкъ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм щапэхъуу. Еплъ адыгеибзэм: *мабгъэ* (лъэмыIэс), *ебгъэ* (лъэIэс), къэбэрдей-шэрджэсыбзэм *ебгъэ* лъэIэсырщ хэтыр. «КъызэгъэдзэкIа» щапхъэу къэпхь хъунущ *мэпIыщIэ* лэжьыгъэцIэм адыгеибзэм къыщыпэхъу псалъэпкъ лъэмыIэсым къыдэкIуэу *йэпIычIэ* лъэIэсри зэрыхэтыр. Апхуэдэ мыхьэнэ ди бзэм къыщохъу хуэгъэуш гъэпсыкIэ IэмалкIэ: *егъэпIыщIэ*.

## 2. ЛэжьыгъэцIэ хъейхэмрэ мыхъейхэмрэ

ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм къагъэлъагъуэ Iуэхугъуэ екIуэкI, псалъэм папщIэ: *сэ сотхэ(р); сэ сотхы(р); сэ ар сошэ(р); сэ абы сожьэ(р).*

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм къагъэлъагъуэр щытыкIэрщ, Iуэхугъуэм кърикIуарщ: *сэ сыщытщ, сэ ар сиIэщ.*

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэщ цIэхэмрэ цIэпапщIэхэмрэ я предикат гъэпсыкIэхэри: *ар студентщ; ар дахэщ; студентыр арщ.*

Морфологие илъэныкъуэкIэ лэжьыгъэцIэ хъейхэмрэ мыхъейхэмрэ щызэщхьэщокI ит зэманым. Ит зэман гъэпсыкIэм лэжьыгъэцIэ хъейхэм яIэщ *о*-(*уэ*-) лъабжьэпэр: *сэ с-о-кIуэ; сэ ар с-о-бз.*

ЛъэмыIэс щхьэбэ лэжьыгъэцIэ хъейхэмрэ преверб зыхэт щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэхэмрэ а лъабжьэпэр яхэтщ щхьищми я гъэпсыкIэхэм деж:

| **Закъуэ бжыгъэ** | **Куэд бжыгъэ** |
|---|---|
| *сэ с-о-жьэ(р)* | *дэ д-о-жьэ(р)* |
| *уэ у-о-жьэ(р)* | *фэ ф-о-жьэ(р)* |
| *ар й-о-жьэ(р)* | *ахэр й-о-жьэ(хэ)(р)* |
| *сэ сыкъ-о-кIуэ(р)* | *дэ дыкъ-окIуэ(р)* |
| *уэ укъ-о-кIуэ(р)* | *фэ фыкъ-о-кIуэ(р)* |
| *ар къ-о-кIуэ(р)* | *ахэр къ-о-кIуэ(хэ)(р)* |

ЛэжьыгъэцIэ лъэIэс псоми, преверб зыхэмыт щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэхэми ещанэ щхьэ гъэпсыкIэм *о* (*уэ*) хъеиныгъэ къэзыгъэлъагъуэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъуэт:

| **Закъуэ бжыгъэ** | **Куэд бжыгъэ** |
|---|---|
| *с-о-дыр* | *д-о-дыр* |
| *у-о-дыр* | *ф-о-дыр* |
| *й-э-дыр* | *й-а-дыр* |
| *с-о-дэр* | *д-о-дэр* |
| *у-о-дэр* | *ф-о-дэр* |
| *ма-дэр* | *ма-дэхэр* |

Мыбы нэмыщI лэжьыгъэцIэ хъейхэм ядэплъагъу нэщэнэу щытщ *-р* факультатив лъабжьэужь зэраIэр, абы къешэ бзэм мыпхуэдэ вариантхэр хэтыныр*: сэ сокIуэ // сэ сокIуэр; сэ ар сотх // сэ ар сотхыр; сэ абы ар изот // сэ абы ар изотыр.*

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм я хьэлщ абыхэм *о* (*уэ*) лъабжьэпэ зэрахэмытыр, ауэ копулэ-лъабжьэужь -*щ* къазэрыпыувэр: *сэ сыщыт-щ, сэ сыстудент-щ; сэ ар сиIэ-щ*. Копулэ-лъабжьэужь -*щ*-м къыздикIа илъэныкъуэкIэ уеплъмэ, ар къыщожьэ *я-щы-щ-щ* лэжьыгъэцIэ мыхъейм и лъабжьэм. БлэкIа-зэфIэкIа, къэкIуэну зэман гъэпсыкIэхэм деж лэжьыгъэцIэ хьейхэр мыхъейхэм къащхьэщыкIыркъым. А зэман гъэпсыкIэхэр къатохъукI IуэхуцIэхэм, абыхэм копулэ-лъабжьэужь -*т* япыувэкIэрэ. Псалъэм папщIэ, *кIуащ* блэкIа-зэфIэкIа зэман гъэпсыкIэр *кIуа* блэкIа зэман гъэпсыкIэ зиIэ IуэхуцIэмрэ -*щ* копулэ-лъабжьэужьымрэ къагъэхъу. БлэкIа-жыжьэ зэман гъэпсыкIэ *кIуат* жыхуиIэри а IуэхуцIэ гъэпсыкIэ дыдэм къытопщIыкI, -*т* блэкIа зэман лъабжьэпэрэ поувэри.

Ауэ щыхъукIэ, -*щ* лъабжьэужь зыпыт лэжьыгъэцIэ хьейхэм я блэкIа-зэфIэкIа, къэкIуэну зэман гъэпсыкIэхэр я къэхъукIэкIэ лэжьыгъэцIэ мыхъейхэщ.

Япэрей лэжьыгъэцIэ мыхъейхэр я бжыгъэкIэ куэд хъуркъым: сэ *сы-щы-т-щ, сэ сы-щы-с-щ, сэ сы-щы-лъ-щ, абы ар и-Iыгъ-щ, абы ар и-Iэ-щ, я-щы-щ-щ, сэ абы* сы-*хуей-щ, абы ар фIэ-фI-щ, ар абы щы-гъ-щ* [Шагиров 2004: 130].

*Щыты-н, щысы-н, щылъы-н* лэжьыгъэцIэ хьейхэм яIэнкIэ хъунущ щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ преверб зэмылIэужьыгъуэхэр, псалъэм папщIэ: *стэчаныр Iэнэм те-т-щ; хьэр алэрыбгъум те-лъ-щ; шкIэр бжэм Iу-т-щ*; *кхъужьыр жыгым пы-т-щ, щакIуэр мэзым хэ-т-щ, щIалэ цIыкIур псым хэ-с-щ, фызыр унэм щIэ-т-щ, сымаджэр сымаджэщым щIэ-лъ-щ, лIыр пщIантIэм дэ-т-щ.*

ЦIэм къытекIа лэжьыгъэцIэ мыхъейхэм языныкъуэкIэрэ щIыпIэ превербхэр япоувэ, псалъэм папщIэ: *Дыщэр къыщыщIахым щылъапIэщ* (псалъэжьщ); *Дзыгъуэр гъуэм щыхахуэщ* (псалъэжьщ).

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэр, хьейхэми ещхьу, щхьэзакъуэуи (*ар щытщ, ар пщащэщ*), щхьитIуи (*абы ар иIэщ, абы ар иIыгъщ*), щхьищуи (*схуиIыгъщ*) щытыфынущ.

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэр, зэрыхабзэу, лъэмыIэсхэщ, къапщтэмэ: *ар щысщ; ар щытщ; ар абы хуейщ; абы ар фIэфIщ; абы ар щыгъщ; абы ар и гугъэщ; ар дахэщ.*

ЛэжьыгъэцIэ хьейхэр лъэIэсуи (*абы ар етхыр, абы ар ешэр*), лъэмыIэсуи (*ар макIуэ(р), ар абы йожьэ(р)*) щытынкIэ хъунущ.

**Гу зылъытапхъэ.** ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм хуэгъэуш категорэм и *гъэ-*лъабжьэгъусэр къащыхыхьэм дежи я мыхъей гъэпсыкIэр къахуонэ, псалъэм папщIэ, *щытщ* лэжьыгъэцIэ мыхъейм и хуэгъэуш къэгъэщIыгъэ *щ-и-гъэ-т-щ* жыхуиIэри мыхъейщ, абы щыхьэт тохъуэ хьеиныгъэ лъабжьэпэ *уэ*-(*о*) зэрыхэмытымрэ копулэ-лъабжьэужь -*щ* зэрыпытымрэ – апхуэдэхэр зи нэщэнэр лэжьыгъэцIэ мыхъейхэрщ.

УщрихьэлIэ щыIэщ а зы псалъэпкъым лэжьыгъэцIэ мыхъеи, хьеи къытебгъэкI хъууэ, псалъэм папщIэ, *сэ сыщытщ* (мыхъей) – *сэ сыщотыр* (хьей); *сэ сыщысщ* (мыхъей) – *сэ сыщосыр* (хьей); сэ *сыщылъщ* (мыхъей) – *сэ сыщолъыр* (хьей).

Языныкъуэ цIэхэми къатыбогъэкIыф лэжьыгъэцIэ мыхъеи, хьеи, псалъэм папщIэ: *пхъащIэ* щыIэцIэм къытокI: *сэ сыпхъащIэщ* (лъэмыIэс), *сэ сопхъащIэ(р)* (хьей); *егъэджакIуэ* щыIэцIэм: сэ *сыегъэджакIуэщ* (мыхъей) – *сэ соегъэджакIуэ* (хьей); *бзаджэ* плъыфэцIэм: сэ *сыбзаджэщ* (мыхъей), *сэ собзаджэ(р)* (хьей); *дахэ* плъыфэцIэм: *сэ сыдахэщ* (мыхъей), *сэ содахэр* (хьей).

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэр хьейхэм къащхьэщокI я зыхъуэжыкIэкIи, я псалъэ къэхъукIэкIи:

1. ЛэжьыгъэцIэ хьейхэм аорист гъэпсыкIэ яIэщ. Аористыр псалъэпкъ къызэрыкIуэщ, зэман мыхьэнэ хэмылъу, икIи абы ущыхуозэ: зылъэныкъуэкIэ, псалъэухам абы нэгъуэщI лэжьыгъэцIэ къыщыщыкIэлъыкIуэкIэ, лъабжьэужь -*р*-рэ -*и* псалъэзэпыщIэ псалъэкIапэрэ пыту, псалъэм папщIэ: *Хамэхьэр къихьэри унэхьэр ирихущ* (псалъэжьщ) – *къихьэри* жыхуиIэр аористщ, нэгъуэщI зылъэныкъуэкIи аористым урохьэлIэ -*щ* копулэ-лъабжьэужь пыту, еплъ, псалъэм

папщIэ, а щапхъэ дыдэм хэт *ирихущ* гъэпсыкIэм. Мыпхуэдэ гъэпсыкIэм иту аористым узэрырихьэлIэр мащIэ дыдэрэщ.

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм аорист гъэпсыкIэ зэрагъэпэщыфыркъым. Ар кавказыбзэ псоми я зэхуэдэ хьэлщ.

ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм я аорист гъэпсыкIэр тохуэ лэжьыгъэцIэ мыхъейхэм я ит зэман гъэпсыкIэм. Псалъэм папщIэ, *сыщытщ, сыщытри сыкъэкIуэжащ* псалъэухам *сыщытщ* жыхуиIэр лэжьыгъэцIэ хъейщ, аорист гъэпсыкIэ иIэу, ит зэманым ар *сыщотыр* хъунущ; *сэ мыбдеж сыщытщ* псалъэухам *сыщытщ* жыхуиIэр ит зэман гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэ мыхъейщ [Кабардино-черкесский язык 2006: 161].

2. ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм я блэкIа-зэфIэмыкIа зэман гъэпсыкIэм, лэжьыгъэцIэ мыхъейхэм я гъэпсыкIэм емыщхьу, факультатив лъабжьэгъусэ *-р* хэтщ. ЛэжьыгъэцIэ хъейм и *сэ сыкIуэт* блэкIа зэфIэмыкIа гъэпсыкIэм нэгъуэщI гуэгъуи иIэщ *-р* лъабжьэужьыр хэту: *сэ сыкIуэрт*. Мыбы хэт *-р*-р лэжьыгъэцIэ хъейхэм я ит зэманым хэт *-р* факультатив лъабжьэужь дыдэрщ.

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм я блэкIа зэман гъэпсыкIэм *-р* факультатив лъабжьэужь хэткъым: *сэ сыщытт, сэ сыегъэджакIуэт.*

3. Япэрей лэжьыгъэцIэ мыхъейхэм преверб япыту фIэкIа уахуэзэркъым, псалъэм папщIэ: *Iу-т-щ, Iу-с-щ, Iу-лъ-щ; те-т-щ, те-с-щ, те-лъ-щ.* ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм я гугъу пщIымэ, преверб япытуи (*Iу-дэ-н, хэ-тхэ-н, Iу-хы-н*) япымытуи (*содэ, солажьэ, сожэ*) щыIэхэщ.

**Гу зылъытапхъэ.** ЗекIуэныгъэ мыхьэнэ зыхэлъ язынықъуэ лэжьыгъэцIэ хъейхэр бзэм зэрыхэтыр, лэжьыгъэцIэ мыхъейхэм ещхьу, пре-верб япытущ. Псалъэм папщIэ: *сы-д-о-кI, сы-бл-о-кI, сы-щI-о-хьэ, й-о-хьэ.*

4. Япэрей лэжьыгъэцIэ мыхъейхэм япыувэ хабзэщ щIыпIэ мыхьэнэ зыхэлъ превербхэр, псалъэм папщIэ: *Iу-т-щ, те-т-щ, щIэ-т-щ*. ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм апхуэдэ щыпIэ превербхэри, зекIуэныгъэ превербхэри япоувэ: *сы-бл-о-кI, пх-о-кI, сы-къ-о-кIуэ, сы-н-о-кIуэ.*

**Гу зылъытапхъэ.** ЯзыныкъуэкIэрэ *къэ*-(*къы*-) лъэныкъуэ преверб лэжьыгъэцIэ мыхъейхэми япоувэ, ауэ абы щIыгъун хуейщ щIыпIэ превербхэм ящыщ (*Iу-, хэ-, щы-*): *си гупэмкIэ къы-щы-с-щ; щхьэгъубжэм къы-Iу-т-щ.*

5. Иджыреибзэм я зэхэлъыкIэкIэ щызэтохуэ лэжьыгъэцIэ хъейхэм къатекI IуэхуцIэ ит зэман гъэпсыкIэ зиIэхэмрэ лэжьыгъэцIэ хъейхэм къатекI IуэхуцIэхэмрэ. ТIум щыгъуи IуэхуцIэ псалъэпкъыр тохуэ ит зэман гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым: *кIуэ-р* (*со-кIуэ* лэжьыгъэцIэ хъейм къытекIа IуэхуцIэщ). Ауэ пасэреибзэм лэжьыгъэцIэ хъейхэмрэ мыхъейхэмрэ къатепщIыкI IуэхуцIэхэр щызэщхьу щытакъым. ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм къатекI IуэхуцIэ ит зэманым итхэр *-рэ* лъабжьэужькIэт къызэрыхъур: *кIуэ-рэ-р, зы-тхы-рэ-р.* ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм IуэхуцIэхэр къатекIырт лъабжьэужь лъэпкъ къахэмыхьэу (*щытыр, щысыр*), иджыпстуи къызэрыхъум хуэдэу.

ЛэжьыгъэцIэ хъейхэм *-рэ* льабжьэужькIэ къатекI IуэхуцIэхэр къыщызэтенащ зэрыупщIэ гъэпсыкIэм и ит зэманым*: уэ у-кIуэ-рэ? уэ п-тхы-рэ?* [Кабардино-черкесский 2006: 162].

ЛэжьыгъэцIэ мыхъейхэм я зэрыупщIэ гъэпсыкIэм *-рэ* хэткъым: *уэ ущыт? уэ устудент?,* н.къ.

## 3. ЛэжьыгъэцIэм и уха, мыуха гъэпсыкIэхэр

ЛэжьыгъэцIэм и гъэпсыкIэ ухам нэгъуэщI лэжьыгъэцIэм емыпха, пыухыкIа IуэхугъуэIуэ нэхъыщхьэ къегъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ: *Жэщ сменэм вэн щIидзакIэщ* (ЩоджэнцIыкIу I.) *Аргуэру хъыджэбзитIыр кIыфIым къыхэмыщу я щхьэ къыфIэхуауэ дэгу хъужа тракторым бгъэдэтхэщ* (ЩоджэнцIыкIу I.)

ЛэжьыгъэцIэ ухахэм я хъуныгъэ гъэпсыкIэм мыпхуэдэ кIэуххэр иIэщ:

*-р*: *ар макІуэ-р; абы ар ешэ-р.* Ауэ мыпхуэдэхэм кІэухыр япымытми мэхъу, еплъ: *ар макІуэ; абы ар ешэ;*

*-щ* (копулэ-лъабжьэужьщ): *ар щыт-щ; абы ар иша-щ; цІыхухэр тІыса-щ;*

*-т* (блэкІа зэман къегъэлъагъуэ): *ар тхэр-т, ар тха-т, ар тхэну-т;*

*-къэ* (щыхьэт техъуэ-зэрыупщІэ псалъэпкъщ): *сы-тхэр-къэ?!*

ЛэжьыгъэцІэхэм я гъэпсыкІэ мыухам гъэпсыкІэ уха зиІэ лэжьыгъэцІэм епха, пыухыкІауэ щымыт, щІыгъужа Іуэхугъуэ къегъэлъагъуэ. ЛэжьыгъэцІэхэм я къэгъэщІыгъэ мыухахэщ мы къэкІуэнухэр [Грамматика 1970: 124]:

а) *-мэ//-м, -кІэ* лъабжьэужьхэр зыпыт елъыта тешэ гъэпсыкІэхэр: *тхэ-мэ, тхэ-кІэ; Зы мэл лъэмэ, псори йолъэ* (псалъэжьщ); *ЩІалэр жэмэ, лІыжьым и лъакъуэр мэуз* (псалъэжьщ); *Ныбэм измэ, щІакхъуэр цІынэщ* (псалъэжьщ); *УпсалъэкІэ мыхьэнэ иІэкъым*;

б) *-ми* лъабжьэужь зыпыт хуэгъэкІуатэ гъэпсыкІэхэр: *тхэ-ми*; *сыщыт-ми ягъэкІынкъым;*

в) лэжьыгъэцІэм и гъэпсыкІэ ухам къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэм зэманкІэ техуэ Іуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцІэ гъэпсыкІэ *-ху//-хукІэ* лъабжьэужь зыпытхэр, псалъэм папщІэ: *сы-тхэ-ху // сытхэ-хукІэ; Уэщыр пІэтыхукІэ пхъэм зегъэпсэху* (псалъэжьщ);

г) лэжьыгъэцІэм и мыгъэнэхуа гъэпсыкІэр (масдарыр): *кІуэ-н, шхы-н; ТІысыпІэ лей щыщыткІэ умытІысы-н-ыр делагъэщ* (КІэрашэ Т.)

д) *-у* лъабжьэужькІэ (мурад мыхьэнэ зиІэмкІэ) къэхъу масдар гъэпсыкІэр: *жесІэну сыкІуащ,* егъапщэ мыхъуныгъэ гъэпсыкІэм: *жезмыІэн мурад сиІэу сыкІуащ;*

е) унафэ тешэ гъэпсыкІэхэр: *кІуэ!* (егъапщэ мыхъуныгъэ гъэпсыкІэм: *у-мы-кІуэ!*); *иретх!* (мыхъуныгъэм деж: *ире-мы-тх!*); *дывгъэщІ!* (*дыв-мы-гъэщІ!*);

ж) лэжьыгъэцІэхэм я упщІэ гъэпсыкІэхэр: *укІуэрэ?* (егъапщэ мыхъуныгъэ гъэпсыкІэм: *у-мы-кІуэрэ?*); *Алъандэрэ щхьэ жумыІарэ?.*

ЛэжьыгъэцІэхэм я гъэпсыкІэ мыухахэм апхуэдэуи хохьэхэр ІуэхудэкІуэ, ІуэхуцІэ къэгъэщІыгъэхэри.

ІуэхудэкІуэ гъэпсыкІэхэр: *Алий и щхьэр иубыдыжауэ, и лъакъуитІыр щІэгъэшауэ щІым хэІубауэ щылъщ* (Шортэн А.); *ЩІалэхэм я дамэр блыным егъэкъуауэ и бгъуитІымкІэ еувэкІат* (КІэрашэ Т.); *И пхъум жриІэурэ и нысэм иреІуэкІ* (псалъэжьщ).

ЛэжьыгъэцІэхэм я ІуэхуцІэ къэгъэщІыгъэхэм хьэл псалъэкІапэ зэмыщхьхэр къахэувэкІэрэ къагъэлъагъуэ езы ІуэхуцІэхэмрэ (лэжьыгъэцІэм и гъэпсыкІэ мыухахэмрэ) лэжьыгъэцІэ ухахэмрэ зэман, щІыпІэ, щхьэусыгъуэ, мурад, гъэнэІуэныгъэ, щІыгъуныгъэ, сыт хуэдэхэмкІэ я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэхэр, псалъэм папщІэ: *Бжьэ зыдэсым фо дещІэ* (псалъэжьщ) – *зыдэсым* ІуэхуцІэм щІыпІэ къегъэлъагъуэ; *ЩІалэ цІыкІум уэрэд жыІэн щиухым, псори Іэгу еуахэщ – щиухым* ІуэхуцІэм зэман къегъэлъагъуэ; *Мо нэхъыщІэр иджыри махуитІкІэ ишхынукъыми, аращ уэрэд щІыжиІэр* (ІуэрыІуатэ) – *щІыжиІэр* ІуэхуцІэм щхьэусыгъуэ къегъэлъагъуэ [Бижоев 2006: 146].

ЛэжьыгъэцІэ гъэпсыкІэ мыуха псори морфологие илъэныкъуэкІэ гъэпсыкІэ ухахэм къащхьэщокІ мыхъуныгъэ гъэпсыкІэ къазэрытехъукІ щІыкІэмкІэ.

ЛэжьыгъэцІэ ухахэм мыхъуныгъэ гъэпсыкІэ къагъэхъу *-къым* лъабжьэужькІэ (мыр щыхьэт техъуэ-зэрыупщІэ псалъэкІапэ *-къэ*-рэ мыхъуныгъэ псалъэкІапэ *-м*-уэ зэхэтщ): *ар тхэр-къым; щакІуэм щыхьыр къиукІа-къым; Еблагъэ зи бэм и бын мэжалІэркъым* (псалъэжьщ)*; Абдежым Бэчмырзэ зыхуэІыгъыжакъым* (Шортэн А.)

Мыуха къэгъэщІыгъэ псоми мыхъуныгъэ гъэпсыкІэ къыщохъу *мы-*лъабжьэпэкІэ [Шагиров 2004: 133]: *Гур мыплъэмэ, нэр плъэркъым* (псалъэжьщ); *Узэчэнджэщын умыгъуэтмэ, уи пыІэр гъэтІылъи ечэнджэщ* (псалъэжьщ) – *мыплъэмэ, умыгъуэтмэ* – лэжьыгъэцІэм и елъыта тешэм и мыхъуныгъэ гъэпсыкІэхэщ; *Мыпсэлъэху делэри губзыгъэщ* (псалъэжьщ) – *мыпсэлъэху* –

Iуэхугъуэхэр зэманкIэ зэрызэтехуэр къэзыгъэлъагъуэ мыхъуныгъэ гъэпсыкIэщ; *Къапхъэным къимыгъапцIэу къиубыдыркъым* (псалъэжьщ); *Софят зыри жимыIэу щIэгуфIыкIащ* (ЩоджэнцIыкIу I.) – *къимыгъапцIэу, жимыIэу* – IуэхудэкIуэхэм я мыхъуныгъэ гъэпсыкIэхэщ; *Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ* (псалъэжьщ) – *зыдэщымыIэм* – IуэхуцIэм и мыхъуныгъэ гъэпсыкIэщ.

## 4. Щхьэ категорэ

### 4.1. Щхьэбагъэр къызыхэщ гъэпсыкIэхэр

ЛэжьыгъэцIэм зехъуэж субъектым е субъектми объектми я щхьэхэмкIэ. А лъэныкъуэм елъытауэ щыIэхэщ щхьэзакъуэ, щхьитI, щхьэбэ лэжьыгъэцIэхэр.

Щхьэм елъытауэ, лъэIэс-лъэмыIэсым зэрелъытам хуэдэу, *кIуэ-н, щIы-н, ты-н* лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъхэр стабильнэщ: *кIуэн*-ым къегъэхъу щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэм и парадигмэ (зэрызихъуэжыр субъект закъуэм и щхьэхэмк1эщ), *щIын*-ым – щхьитI лэжьыгъэцIэм и парадигмэ (субъектымрэ объект занщ1эмрэ я щхьэхэмкIэ зехъуэж), *тын*-ым – щхьищ лэжьыгъэц1эм и парадигмэ (субъектым, объект занщIэм, объект мыблагъэм я щхьэхэмкIэ зехъуэж).

Псалъэпкъ стабильнэхэм къащхьэщыкIыу, нейтрал псалъэпкъхэм щхьэзакъуэ, щхьитI лэжьыгъэцIэхэм я парадигмэхэр яIэщ. Еплъ: *мауэ, ар абы йоуэ; мэпсалъэ, ар абы йопсалъэ*. Щхьэзакъуэ, щхьитI лэжьыгъэцIэхэм я парадигмэ лъабжьэужьыншэу къэзыгъэщI нейтрал псалъэпкъхэр я ухуэкIэкIэ къызэрыкIуэуи зэхэлъуи щытынкIэ хъунущ. Еплъ: *уэ* – къызэрыкIуэ псалъэпкъщ, *псалъэ* – псалъэпкъ зэхэлъщ. Нейтрал, стабильнэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм я щхьэр Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ пхузэхъуэкIынущ [Кабардино-черкесский язык 2006: 165].

ЛэжьыгъэцIэм иIэ щхьэ бжыгъэм зихъуэжыным, ар хъуэжа зэрыхъу щIыкIэм елъытауэ, псалъэпкъым и лексикэ мыхьэнэр елъытауи, емылъытауи щытынкIэ хъунущ. Къапщтэмэ, *ма-плъэ, й-о-плъ* гъэпсыкIэхэр зэрызэтемыхуэр яIэ щхьэ бжыгъэм и закъуэмэ, *ма-кIуэ, й-о-кIуа-лIэ* жыхуиIэхэр лексикэ илъэныкъуэкIи зэщхьэщокI. ЛэжьыгъэцIэм и щхьэр ирахъуэжу къагъэсэбэп псалъэм и парадигмэр, аблаут макъзэблэхъур, псалъэпкъыщI лъабжьэгъусэхэр, псалъэпкъ зэхыхьэр, н.къ. Абы нэмыщI, лэжьыгъэцIэр лъэIэсым хуэкIуэным дапщэщи кърокIуэ лэжьыгъэцIэм иIэ щхьэ бжыгъэм зихъуэжыныр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэIэсым зэрыхуагъакIуэ Iэмал дэтхэнэри щытщ лэжьыгъэцIэм и щхьэ бжыгъэр зэрыхагъахъуэ Iэмалу.

ЛэжьыгъэцIэ щхьэбэм субъектымрэ объект занщIэмрэ щхьэ щаIэнкIэ хъунум и бжыгъэм гъунапкъэ иIэщ: апхуэдэу хэтынкIэ хъунур субъектым и зы щхьэрэ объект занщIэм и зы щхьэрэщ. Объект мыблагъэм и щхьэу лэжьыгъэцIэ щхьэбэм хэтыфынущ щым нэс. Мис абы къешэ лэжьыгъэцIэхэр мыпхуэдэурэ зэщхьэщыкIыныр: 1) субъектым и щхьэ зыхэт (щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэхэр); 2) субъектымрэ объект занщIэмрэ я щхьэхэр зыхэт (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр); 3) субъектымрэ объект мыблагъэмрэ я щхьэхэр зыхэт (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр); 4) субъектым, объект занщIэм, объект мыблагъэм я щхьэхэр зыхэт (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр); 5) субъектымрэ объект мыблагъитIымрэ я щхьэхэр зыхэт (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр); 6) субъектым, объект занщIэм, объект мыблагъэу т1ум я щхьэхэр зыхэт (щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр); 7) субъектымрэ объект мыблагъэу щымрэ я щхьэхэр зыхэт (щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцI лъэмыIэсхэр); 8) субъектым, объект занщIэм, объект мыблагъэу щым я щхьэхэр зыхэт (щхьитху зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр).

Щапхъэхэр: 1) *сы-жащ* (субъектым и щхьэр *сы*-мкIэ къэгъэлъэгъуащ); 2) *у-с-хьащ* (*у*- – объект занщIэм и лъабжьэпэщ, *с*- – субъектым и лъабжьэпэщ); 3) *сы-вэ-жьащ* (*сы*- – субъектым и щхьэ лъабжьэпэщ, *вэ*- – объект мыблагъэм и лъабжьэпэщ); 4) *у-е-с-тащ* (*у*- – объект занщIэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *е* – объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *с*- – субъектым и щхьэ лъабжьэпэщ);

5) с-*а-д-е-жьащ* (*с-* – субъектым и щхьэ лъабжьэпэщ, *а-* – япэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *е-* – етIуанэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ); 6) *у-а-ху-з-и-гъэ-шащ* (*у-* – объект занщIэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *а-* – япэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *с-* – етIуанэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *и-* – субъектым и щхьэ лъабжьэпэщ); 7) *с-а-фIы-д-е-плъащ* (*с-* – субъектым и щхьэ лъабжьэпэщ, *а-* – япэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *е-* – етIуанэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, ещанэ объект мыблагъэм и щхьэр нэрымылъагъу лъабжьэгъусэкIэ къэгъэлъэгъуащ); 8) *къы-б-ды-х-е-з-гъэ-дзащ* (*б-* – япэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *е-* – етIуанэ объект мыблагъэм и щхьэ лъабжьэпэщ, *з-* – субъектым и щхьэ лъабжьэпэщ, объект занщIэмрэ ещанэ объект мыблагъэмрэ я щхьэхэр нэрымылъагъу лъабжьэгъусэхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ). Мыхьэнэбэ лэжьыгъэцIэ дэтхэнэми морфологиекIэ щхьэ псори къыщыгъэлъэгъуауэ щыткъым. Абы къимыдэкIэ, лэжьыгъэцIэ мыхьэнэбэм и дэтхэнэ щхьэри гъэпсыкIэкIэ къыхэгъэщауи щыткъым [Кабардино-черкесский язык 2006: 165].

## 4.2. ЛэжьыгъэцIэм и щхьэ гъэпсыкIэхэм я IукIэзэщхьыгъэр (омонимиер)

Нэхъ лъабжьэмкIэ дащыхэплъэнущ лэжьыгъэцIэ лъэIэс, лъэмыIэс зэмылIэужьыгъуэхэм я щхьэ гъэпсыкIэхэр зэщхьэщыкIыныр хэмытыж щыхъухэм. Мыбдеж зи гугъу щытщIынур лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэхэм я деж я зэхэлъыкIэ омонимием (IукIэзэщхьыныгъэм) зыщIыщиубгъу щхьэусыгъуэхэрщ.

ЛэжьыгъэцIэр мыхьэнабэ щхьэкIэ, дэтхэнэ щхьэри, дэтхэнэ бжыгъэ гъэпсыкIэри къыхэгъэщауэ щыткъым. Къапщтэмэ, щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэ хъейхэмрэ мыхъейхэмрэ я ещанэ щхьэм деж щызэпэгъэувакъым закъуэ, куэд бжыгъэхэр. Еплъ: *жащ* 1) *ар жащ,* 2) *ахэр жащ; щылъащ* 1) *ар щылъащ*, 2) *ахэр щылъащ.*

ЛэжьыгъэцIэм и синтезыр нэхъ лъагэхункIэ, абы къыхэмыгъэща гъэпсыкIэхэр щынэхъыбэщ. Абы къешэ щхьитI зиIэ, щхьабэ лэжьыгъэцIэхэм я деж IукIэзэщхьыгъэм хуабжьу зыщиубгъуныр. ЖыпIэну ирикъунщ *еплъын, ежьэн* лэжьыгъэцIэ щхьитIхэмрэ абыхэм къапыщIа *деплъын, дежьэн* лэжьыгъэцIэ щхьищхэмрэ я деж субъектымрэ объектымрэ я ещанэ щхьэхэм закъуэ, куэд бжыгъэхэр зэрызыщхьэщымыкIыр. Абы къыхокI зи мыхьэнэр контекстым хэту фIэкIа пхузэхэмыгъэкI IукIэзэщхь гъэпсыкIэхэр щыIэныр. Еплъ, псалъэм папщIэ:

| | |
|---|---|
| *ежьащ* | ар абы ежьащ<br>ар абыхэм ежьащ<br>ахэр абы ежьащ<br>ахэр абыхэм ежьащ |
| *еуащ* | ар абы еуащ<br>ар абыхэм еуащ<br>ахэр абы еуащ<br>ахэр абыхэм еуащ |
| *къыздежьащ* | ар сэ сщIыгъуу абы ежьащ<br>ар сэ сщIыгъуу абыхэм ежьащ<br>ахэр сэ сщIыгъуу абы ежьащ<br>ахэр сэ сщIыгъуу абыхэм ежьащ |

| | |
|---|---|
| *къыздеуащ* | ар сэ сщІыгъуу абы еуащ<br>ар сэ сщІыгъуу абыхэм еуащ<br>ахэр сэ сщІыгъуу абы еуащ<br>ахэр сэ сщІыгъуу абыхэм еуащ |
| *къыбдежьащ* | ар уэ пщІыгъуу абы ежьащ<br>ар уэ пщІыгъуу абыхэм ежьащ<br>ахэр уэ пщІыгъуу абы ежьащ<br>ахэр уэ пщІыгъуу абыхэм ежьащ |
| *къыбдеуащ* | ар уэ пщІыгъуу абы еуащ<br>ар уэ пщІыгъуу абыхэм еуащ<br>ахэр уэ пщІыгъуу абы еуащ<br>ахэр уэ пщІыгъуу абыхэм еуащ |
| *дежьащ* | ар абы щІыгъуу абы ежьащ<br>ар абы щІыгъуу абыхэм ежьащ<br>ахэр абы щІыгъуу абы ежьащ<br>ахэр абы щІыгъуу абыхэм ежьащ |
| *деуащ* | ар абы щІыгъуу абы еуащ<br>ар абы щІыгъуу абыхэм еуащ<br>ахэр абы щІыгъуу абы еуащ<br>ахэр абы щІыгъуу абыхэм еуащ |
| *къывдежьащ* | ар фэ фщІыгъуу абы ежьащ<br>ар фэ фщІыгъуу абыхэм ежьащ<br>ахэр фэ фщІыгъуу абы ежьащ<br>ахэр фэ фщІыгъуу абыхэм ежьащ |
| *къывдеуащ* | ар фэ фщІыгъуу абы еуащ<br>ар фэ фщІыгъуу абыхэм еуащ<br>ахэр фэ фщІыгъуу абы еуащ<br>ахэр фэ фщІыгъуу абыхэм еуащ |

[Кабардино-черкесский язык 2006: 167].

Мы щапхъэу къэбэрдей-шэрджэсыбзэм къыхэхахэм кІахэбзэм (адыгеибзэм) къащыпохъу бжыгъэкІэ зэщхьэщыгъэкІа гъэпсыкІэхэр. Еплъ, псалъэм папщІэ:

*ежагъ – ар абы ежьащ*
*яжагъ – ар абыхэм ежьащ*
*ежагъэх – ахэр абы ежьащ*
*яжагъэх – ахэр абыхэм ежьащ*

*еуагъ – ар абы еуащ*
*яуагъ – ар абыхэм еуащ*

*еуагъэх – ахэр абы еуащ*
*яуагъэх – ахэр абыхэм еуащ*

Я гъэпсыкIэм къыщымыгъэлъэгъуа (къыхэгъэща щымыхъуа) лъэныкъуэхэр лэжьыгъэцIэхэр контекстым щыхэтым дежщ гурыIуэгъуэ щыхъур.

### 4.3. ЛэжьыгъэцIэ щхьэбэм иIэ, иIэнкIэ хъуну, имыIэ гъэпсыкIэхэр

ЛэжьыгъэцIэ щхьэбэхэм щхьэ гъэпсыкIэу куэд дыдэ къагъэщI. Къапщтэмэ, щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэс, лъэмыIэс языныкъуэхэм къатокI субъект-объект гъэпсыкIэ комбинацэ зэмылIэужьыгъуэу щэм щIигъу. Мардэмрэ хузэфIэкIымрэ елъытауэ грамматикэкIэ щыIэнкIэ хъуну (тэмэм) лэжьыгъэцIэ щхьэ гъэпсыкIэхэр зэтопщIыкI къызэрыгуэкIрэ мыкъызэрыгуэкIыу. Псалъэм папщIэ: *п-ху-е-с-т-а-щ* лэжьыгъэцIэ щхьиплI гъэпсыкIэр къызэрыгуэкIщ. Ауэ ар хужыпIэ хъуркъым *сы-п-ху(ы)-д-е-плъ-а-щ* лэжьыгъэцIэ щхьиплI гъэпсыкIэм, мыри грамматикэ илъэныкъуэкIэ щыIэ хъуну, н.ж. тэмэму щыт пэтми. Абы къыхэкIыу жыIэпхъэщ, лэжьыгъэцIэ щхьэбэхэм щхьэкIэ зэрызахъуэж парадигмэ зэхуэмыдэхэр щызэпкърахкIэ, грамматикэхэм субъект-объект гъэпсыкIэу (лэжьыгъэцIэм и щхьэ гъэпсыкIэу) къыщахь псори зэрызэхуэмыдэр.

ЛэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэхэм ящыщу нэхъ къызэрыгуэкIщ икIи нэхъ зэфIэкI яIэщ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм я гъэпсыкIэхэм. Псалъэм папщIэ, щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэм грамматикэкIэ иIэнкIэ хъуну щхьэ гъэпсыкIэхэр мыкъызэрыгуэкIмэ икIи куэдрэ къамыгъэсэбэпмэ, щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм я щхьэ гъэпсыкIэхэм ящыщ куэдыр икIи къызэрыгуэкIщ, икIи бзэм убгъуауэ къыщагъэсэбэп. ЛэжьыгъэцIэ щхьэбэхэм гъэпсыкIэу иIэнум и куэдагъыр лъэIэс-лъэмыIэсу щытыным имызакъуэу лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым и лексикэ мыхьэнэми елъытащ [Кабардино-черкесский язык 2006: 168].

ЛэжьыгъэцIэ щхьэбэхэр щхьэ псомкIи зэхэщхьэхукIыркъым. Къапщтэмэ, щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсыр субъектымрэ объект мыблагъитIымрэ я щхьэхэмкIэ зэхъуэкIа хъун хуейт. Ауэ лэжьыгъэцIэ щхьищ лъэмыIэсхэм ящыщ куэдым субъектымрэ объектхэмрэ я щхьэ парадигмэ ирикъу къагъэщIыркъым. Щхьэ гъэпсыкIэ къэгъэхъунымкIэ яIэ зэфIэкIыр парадигмэ сатыр пыухыкIахэмкIэ гъэмэщIащ. Псалъэм папщIэ, щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм яIэфынущ *сы-д-е-плъ-а-щ, у-д-е-плъ-а-щ, д-е-плъ-а-щ* гъэпсыкIэхэр, ауэ щыIэнкIэ хъунукъым абыхэм къепха, объект мыблагъэм и япэ, етIуанэ щхьэ зыхэт лэжьыгъэцIэ лъэмыIэс щхьищ зиIэ («ар абы щIыгъуу дэ къыдэплът», «ар абы щIыгъуу уэ къоплът», н.къ. мыхьэнэхэр зиIэ гъэпсыкIэхэр бзэм хэткъым). НэгъуэщIу жыпIэмэ, щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм ящыщ псоми етIуанэ объект мыблагъэм и щхьэхэмкIэ захъуэжу щыткъым [Кумахов 1971: 252]. Къэгъэлъэгъуапхъэщ лэжьыгъэцIэхэм я щхьэхъуэжым хэтлъагъуэ щхьэхуэныгъэхэр абыхэм къатекI IуэхуцIэхэми зэранэщэнэр [Бижоев 2005: 107–129].

ЕдгъэкIуэкIа къэхутэныгъэм наIуэ къищIащ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр. Япэрауэ, адыгэбзэ лэжьыгъэцIэр, адрей къухьэпIэ-кавказыбзэхэм ейхэми ещхьу, егъэлеяуэ гугъуу зэхэлъ псалъэ лъэпкъыгъуэщ, абы щхьэуэ хэтынкIэ хъунущ зым щегъэжьауэ тхум нэс. ЕтIуанэрауэ, лэжьыгъэцIэм и ухуэкIэм къешэ абы и грамматикэ категорэхэми щхьэхуэныгъэ куэд яхэлъыныр. Къапщтэмэ, лъэIэс, лъэмыIэс лэжьыгъэцIэхэр Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ зыр зым хуокIуэф. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, лэжьыгъэцIэм и щхьэхъуэжри къыгуэхыпIэ имыIэу елъытащ абы и зэхэлъыкIэми, щхьэ бжыгъэу абы иIэми. Мы Iуэхугъуэхэми, нэгъуэщI лъэныкъуэхэми бзэщIэныгъэлIхэр пIалъэ кIыхь хъуауэ йолэжь, куэди къэтIэщIа хъуащ, ауэ иджыри къэхутэн хуейр мащIэкъым.

ТегъэщIапIэ тщIа литературэр


1. *Бижоев Б.Ч.* Грамматические и лексико-фразеологические проблемы кабардино-черкесского языка. Нальчик: Эль-Фа, 2005. 352 с.

2. *Грамматика* кабардино-черкесского литературного языка. Ч. I. Фонетика и морфология. М.: Наука, 1970. 216 с.

3. *Джаурджий Хь.З., Дзасэжь Хь.Е.* Адыгэбзэ. Япэ Iыхьэ. Налшык: Эльбрус, 1995. 288 н.

4. *Кабардино*-черкесский язык в 2-х т. Т. 1. Создание письменности, фонетика и фонология, морфология и синтаксис. Нальчик: Издательский центр Эль-Фа, 2006. 549 с.

5. *Кумахов М.А.* Словоизменение адыгских языков. М.: Наука, 1971. 344 с.

6. *Кумахов М.А.* Сравнительно-историческая грамматика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1989. 384 с.

7. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ. Морфонемикэ. Морфологие. Налшык: Эльбрус, 2001. 232 н.

8. *Шагиров А.К.* Фонетика и морфология кабардинского языка. Нальчик: Эль-Фа, 2004. 224 с.


## О МНОГОЛИЧНОСТИ ГЛАГОЛА КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА И ОСОБЕННОСТЯХ ПРОЯВЛЕНИЯ ЕГО ОСНОВНЫХ ГРАММАТИЧЕСКИХ КАТЕГОРИЙ

**Бижоев Борис Чамалович**, orcid.org/0000-0001-8193-7126, доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка, Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (Нальчик, Россия), bizhoev1952@mail.ru

Данная статья должна продемонстрировать чрезвычайно сложную структуру кабардино-черкесского глагола и отражение этого фактора на формировании его главных грамматических категорий. Опираясь на довольно богатую специальную литературу, посвященной затрагиваемой нами теме, основной упор мы делаем на те ее стороны, которые до настоящего времени не затронуты или же имеют неоднозначную оценку. Подобная необходимость вызвана прежде всего тем, что в готовящейся в настоящее время новой академической грамматике «темные пятна» адыгского языкознания должны быть устранены или, по крайней мере, уменьшены. Другая, не менее важная проблема, решению которой должна способствовать статья, а в дальнейшем упомянутая грамматика – это разработка национальной лингвистической терминологии и тем самым преодоление главной преграды в развитии научного стиля кабардино-черкесского языка.

Статья состоит из нескольких частей, в которых анализируются сначала полисинтетизм глагола, далее последовательно его категории – переходность-непереходность, где отдельно рассматриваются способы трансформации непереходных в переходные, а также группа нейтральных (диффузных) глаголов; динамичности-статичности, финитности-инфинитности, категории лица. В последней обращено внимание на случаи неполноты словоизменительной парадигмы глагола и омонимии, характерную для целого ряда личных форм глагола.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, глагол, полиперсонализм, динамический, статический, финитный, инфинитный, омонимия.

## ABOUT THE POLYPERSONALITY OF THE VERB OF THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE AND FEATURES OF MANIFESTATION ITS MAIN GRAMMATICAL CATEGORIES

**Bizhoev Boris Chamalovich**, orcid.org/0000-0001-8193-7126, Doctor of Philology, leading research scientist, Department of Kabardino-Circassian Language, Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (Nalchik, Russia), bizhoev1952@mail.ru

This article should demonstrate the extremely complex structure of the Kabardino-Circassian verb and the reflection of this factor on the formation of its main grammatical categories. Based on the rather rich specialized literature on the topic we are dealing with, we focus on those aspects of it that have not yet been touched upon or have an ambiguous assessment. Such a need is caused primarily by the fact that in the currently being prepared new academic grammar, the "dark spots" of the Adyghe linguistics should be eliminated or, at least, reduced. Another, no less important problem, the solution of which the article should contribute, and in the future the mentioned grammar is the development of national linguistic terminology and thereby overcoming the main obstacle in the development of the scientific style of the Kabardino-Circassian language.

The article consists of several parts, in which the polysyntheticism of the verb is analyzed first, then sequentially its categories – transitivity-intransition, where methods of transformation of intransitive into transitive, as well as a group of neutral (diffuse) verbs are considered separately; dynamism-static, finiteness-infinity, face category. In the latter, attention is paid to cases of incompleteness of the inflectional paradigm of the verb and homonymy, which is characteristic of a number of personal forms of the verb.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, verb, polypersonalism, dynamic, static, finite, infinite, homonymy.

DOI: 10.31007/2306-5826-2021-2-49-28-41